*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 41 (25527)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 12 мартъи — тæргæйтты мæйы 12 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМБЫРД
*Регионалон экономикæйы фидардзинад*

3 НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД
*Тематикон фарс*

4 ФЫССЫНЦ "РÆСТДЗИНАД"-МÆ
*Сыхбæсты фæдисон*




Эксперты хъуыды

## Украинаг бæллæх: йæ аххосæгтæ æмæ уавæры дарддæры ивддзинæдтæ

Уæрæсейы æфсæддон операци Украинæйы йæхимæ раздæхта уæрæсейаг æхсæнады æргом. Адæм тыхст æмæ зæрдæхсайгæйæ сæ хъус дарынц фронты хабæрттæм. Уыимæ уæрæсейаг æхсæнадæн йæ бирæ фылдæр хай растыл нымайы Уæрæсейы æфсæддон операци Украинæйы. Уый ууыл дзурæг нæу, æмæ нæ бæстæйы адæм фыдзæрдæ хæссынц украинæгтæм. Уæрæсейы æхсæнадæн сæ фылдæр украинæгты нымайынц æфсымæрон адæмыл. Уымæ гæсгæ ахсджиаг у, Украинæйы ацы цаутæм цы фæстиуджытæ æркодтой, уыцы социалон æмæ политикон ивддзинæдтæм бæлвырддæр æркæсын.

Уæрæсе æмæ Украинæйы быцæуты бындур нациты 'хсæн ахастдзинæдтæ не сты, фæлæ паддзахадон ныхмæвæрддзинæдтæ. Хъуыддаг уый мидæг ис, æмæ паддзахад æмæ йæ адæмы цымыдистæ арæх æмхуызон нæ вæййынц. Уыцы хъуыддаг ирдæй сбæрæг Украинæйы.

Ам ис олигархты хицæн къорд, уыдон сæ хъус дарынц Ныгуылæнмæ, уымæн æмæ уым æфснайд сты се 'хцатæ, уым æлхæнынц æнæзмæлгæ мулк, уырдæм цæуынц сæхи дзæбæх кæнынмæ. Украинæ та сын у сæ хъæздыгдзинæдтæ фылдæргæнæн бынат. Иннæ 'рдыгæй та дзы цæры, йæ зæхх, йæ истори, культурæ æмæ æвзаг зынаргъ кæмæн у, æнæкæрон уарзтæй йæ чи уарзы, ахæм адæм.

Украинаг политикон элитæ æмæ украинаг æхсæнады 'хсæн ницы ис иудзинадæй, нæдæр сæ цардыуаджы, нæдæр сæ бæстæмæ ахастдзинæдты. Уыдон ирдæй зынынц æхсæнады экономикон хицæндзинæдты. Æппæтдунеон банчы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Украинæйы æртæ æппæты хъæздыгдæры мулк у бæстæйы национ экономикæйы аргъæй 6 проценты фылдæр. Уый у Уæрæсейæ дыууæ хатты, Польшæйæ та æртæ хатты фылдæр.

Украинæйы демографи æмæ социалон иртасæнты институт адæмæн цы бæрæггæнæнтæ фехъусын кодта, уыдонмæ гæсгæ украинæгты æмбисæй фылдæр (51 проценты) цæрынц бынтон мæгуыр. Уый у Европæйы бæстæты æппæты æвзæрдæр бæрæггæнæн. Украинаг экспертты хъуыдымæ гæсгæ та бынтон мæгуыр адæмы нымæц у ноджы фылдæр.

Украинаг политикæйы институты разамонæг Руслан Бортник куыд зæгъы, афтæмæй, "евромайдан" калькуляторыл куы æрнымайай, уæд йæ фæстæ æрцæуæг кæнæ уыдонимæ баст цаутæ æркодтой бæстæйы социалон-экономикон бæллæхмæ. "Цæрджыты нымæц, сæрмагонд бæрæггæнæнтæм гæсгæ, 2013 азæй 2019 азмæ фæкъаддæр 3,5 милуан адæймаджы, уый у цæрджыты 10 проценты бæрц.

Æнæсæрмагонд экспертты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Украинæйы цæрджыты нымæц 2013 азæй фæстæмæ фæкъаддæр 25-30 проценты", — загъта Руслан Бортник.

Майданы хицауады фæстæ Киевæн йæ бон нал цæуы бæстæйы зæххыты 6 процентыл æмæ фесæфта йæ индустриалон нымæцы фылдæр хай.

2013 азы пенситы бæрц ам хæццæ кæны 50-70 процентмæ. Зынгæ æрхауд æмæ фæкъаддæр 20 проценты украинаг импорт æмæ экспорт. Украинæ 2019 азы 78 бынатæй 2013 азы æрхауд 88 бынатмæ. Национ валютæ фæцис æртæ хатты къаддæр, æргътæ та фæфылдæр сты фараст хатты.

Украинæйы национ экономикæйы аргъ ныртæккæ у 2013 азæй цыппар хатты къаддæр. Паддзахадон хæс фæцис 10 миллиард доллæры фылдæр æмæ ахызт 84 миллиард доллæрæй.

Паддзахады мидполитикæ дарддæр рахызт æддагон политикæмæ дæр. Иу референдум дæр нæ саразгæйæ, олигархтæ сфæнд кодтой, Украинæйы бацæуын кæй хъæуы НАТО æмæ Евроцæдисы ассоциацимæ. Уымæй сын ныфсытæ æвæрдтой Евроцæдисы æмæ АИШ-ы чиновниктæ, æххæст кæнын сын кодтой бæстæйæн нæ, фæлæ сæхи пайдайæн хъуыддæгтæ аразыны амынддзинæдтæ. Украинæ ныддихтæ Скæсæн æмæ Ныгуылæныл, сæ сæр сдардтой неонацисттæ, паддзахад бахауд егъау украинаг капитал æмæ йæ ныгуылæйнаг кураторты азары. Ахæм уавæрты паддзахады хицауадæн сæ бон нæ уыд æхсæнады фылдæр хайыл сæ зæрдæ дарын. Цæмæй сæ хицауад дарддæр фидар кæна, уый тыххæй æрæнцадысты националистон бандæтыл. Националистон бандæты схотыхджын кæныныл финансон фæрæзтæ нæ ауæрстой Украинæйы фæсарæйнаг æмдзæхдонтæ æмæ бæстæйы олигархтæ дæр. Уыцы фыдгæнджытæ æрлæууыдысты фæсмайданы хицауад хъахъхъæнæг. Уæлдæр цы уавæры кой ракодтон, уыдон стыр бæллæхы баппæрстой æрмæст украинаг адæмы нæ, фæлæ ма тæссаг уавæр æвзарын кодтой Уæрæсейæн, уымæн æмæ Украинæ йæ зæххæй сарæзта Уæрæсейы ныхмæ æрмæст политикон тохы фæзуат нæ, фæлæ ма æфсæддон агрессийы бынат дæр.

Уæрæсейы æдзухдæр фæндыд, цæмæй сыхаг бæстæты мидæггаг æмæ æддагон политикæйæ тæссаг ма уа йæ национ æдасдзинадæн. Фæлæ уый къухы куыдæй хъуамæ бафта, æмарæн цы паддзахæдтимæ кæныс, уый НАТО-йы уæнг куы суа, уæд?

Ахæм уавæрмæ фæхуыздæр уæвынмæ æнхъæлмæ кæсын тæссаг у нæ паддзахадæн. Уæлдайдæр Уæрæсейы граждæнтæ, уырыссаг æвзагыл дзурæг адæм хæстон архайды куы хъизæмар кæной, сабийæ, зæрондæй куы мæлой, ноджы ма Украинæйы хицауад Минскы бадзырдыл ногæй æрныхас кæнынæй йæхи иуварс куы ласа, алы уæрæх æмбырдты ядерон хæцæнгарзæй æртхъирæнтæ куы кæна, Уæрæсейы Президент Владимир Путины бирæ хæттыты домæнтæ фидыдыл æрныхас кæнынмæ куы нæ хъуса, уæд хъуыддаг хуыздæрмæ нæ цæуы. Ныгуылæн дарддæр дæр Украинæйы, стæй æндæр паддзахæдтæ æмæ политикон тыхты фæрцы æртхъирæнтæ кæндзæн Уæрæсемæ. Æмæ уымæ та æдзухдæр хъæуы цæттæ уæвын, æддагон политикæ дарддæр дæр рæзын кæнгæйæ, бæстæйы хъахъхъæнынад æмæ экономикæ фидардæр кæнгæйæ, ныгуылæйнаг санкциты уавæрты.

**БИАЗЫРТЫ Артур,
политикон наукæты кандидат**

Боныхъæд — **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **12 мартъийы,** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **2 градусы уазалæй 3 градусы онг хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **1 градус уазалæй 1 градусы онг хъарм.**

Боны дæргъ — 11,48

**Хурыскаст** — 06,16
**Хурныгуылд** — 18,04

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 116,97↓
**Евро** — 125,08↑

12+

Оперативон штабæй

# Регионалон экономикæйы фидардзинадыл бацархайдзысты

**Республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО амыдта æддагон къуырцдзæвæны рæстæг Регионалон экономикæйы фидардзинад фæуæлдæр кæныны тыххæй оперативон штабы æмбырд. Штабы уæнгтæ сты министртæ æмæ ведомствæты разамонджытæ.**



Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй ныртæккæ нæ бæстæ сæмбæлд быцæусидтытимæ, хъуамæ сæ сæрты ахизæм сæрыстырæй. Уыцы нысанæн нæ бæстæйы разамынд мадзæлттæ аразы, экономикон нывылдзинадыл архайы.

"Æххуыс уыдзæн чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадæн, промышленностæн, арæзтадæн, хъæуун хæдзарадæн. Уæлдæр æмвæзады цы хъуыддæгтæм бавнæлдтой, уыдонмæ хъуамæ регионтæ аздахой уæлдай æргом. Рæвдз æмæ ахадгæ хуызы! Фыццагдæр цæуыл архайдзыстæм, ууыл хъуамæ æрныхас кæнæм", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Экономикон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Олег Быкадоров** куыд радзырдта, афтæмæй ныртæккæ æвзарынц чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадæн æххуысы закъонты проекттæ. Амалхъомады минæвæрттæ тынг фæцудыдтой экономикон уавæры азарæй. Экономикæ æмæ социалон къабазæн баххуыс кæныны тыххæй министрад йæ куырдиæттæ арвыста Уæрæсейы Хицауадмæ.

Республикæйы разамонæг бафæдзæхста Экономикон рæзты министрадæн, цæмæй нæ бæстæйы Хицауад цы æххуысы мадзæлттæ рахастой, уыдон æххæст кæнынмæ бавналой, Уæрæсейы Экономикон рæзты министрадимæ сын æмгуыстад куыд уа, республикæйы экономикæйы рæстæн фадæттæ аразой. Уæдæ æргъты рæстмæ æппынæдзух хъæуы цæст дарын, регионы куыстуæттæм дæр — афтæ. Импорты товартæ цæмæй баивæм, ууыл дæр нæ ахъуыды кæнын бахъæудзæн.

Сергей Меняйло ма фæбæрæг кодта бюджетон хæрдзтæ фæкъаддæр кæныны фарста, ацы азы бюджет куыд æххæстгонд цæудзæн, уымæ дæр хъæуы бæрнон цæстæй кæсын. Æппæт федералон амынддзинæдтæ æххæстгæнгæйæ, хъуамæ бæстæйы Финансты министрадимæ уа æмгуыстад. "Ныртæккæ хæрдзтæ хъуамæ фæкъаддæр кæнæм, куы бахъæуа, уæд та — æрмæстдæр æнæмæнг æххæстгæнинæгтæ. Алы капекк кæдæм дæттæм, бындурон объекттæм раздахын хъæуы уæлдай цæстæнгас. Æрдæгарæзт объекттæ хъуамæ фылдæр ма кæной. Уæрæсейы Хицауад арæзтады къабазæн баххуыс кæнынæн мадзæлттæ кæны. Хъæууонхæдзарадон продукциуадзджытæн дæр сæ цуры балæууын хъæуы, федералон бюджеты уыцы нысанæн бавæрдтой 10 миллиард сомы. Хъуамæ сæ цыбыр æмгъуыдмæ радих кæной уæлбар æфстæуттæн. Æндæр æххуысмæ дæр æнхъæлмæ кæсæн ис.

Хъуамæ республикæ æппæт федералон программæты бацархайа. Рæвдз бавналын хъæудзæн тауынмæ, хъацæнтæ, артаг æлхæнынмæ, товаруадзджытæм паддзахадон æххуыс фæхæццæ кæнынмæ. Бахъуаджы уый хъуамæ æмбарæм. Адæмы раз та нæ социалон хæстæ æнæмæнг æххæст кæнæм", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Куыд бацамыдта, афтæмæй паддзахадон æмæ муниципалон арæзтады рæстæг ивддзинæдтæ бахæссын хъæудзæн фæрæзтæ дæттыны уагæвæрдтæм. Паддзахадон æмвæзады æххуыс бакæныны ног мадзæлттæм хъуамæ нæ Хицауады минæвæрттæ стыр æргом аздахой.

Уый тыххæй нæм арæзт æрцыд Оперативон штаб, мадзæлттæ федералон æмвæзады аразынц, бынæтты та сæм хъуамæ рæвдз фæлæууой. "Нæ республикæйæн та хъуамæ мах аразæм æххуысы мадзæлттæ, уæ хъæппæристæ бацæттæ кæнут. Адæммæ цы социалон æххуыс хауы, уый сæм уайтагъд æмæ æххæстæй хæццæ кæнут, къуылымпытæн дзы бынат нæй. Куыстмæ фæсидæм Парламенты депутаттæм, хицауады æппæт къабæзтæ ахæм уавæры хъуамæ кæрæдзийы фарсмæ уой", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Æнæниздзинад хъахъхъæнынад

## Ядерон медицинæйы центр цæмæн сæхгæдтой?

**2022 азы Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадмæ куыд фæхабар кодтой, афтæмæй æхгæд æрцыд Ядерон медицинæйы центр. Ныр профилон министрад фехъусын кодта амынд медицинон центр сæхгæныны аххосæгтæ.**

"Ядерон медицинæйы центр сæхгæныны тыххæй информаци нæм куы фæхæццæ, уæд æвæстиатæй фембæлдыстæм компани "ПЭТ Технолоджи"-йы (ацы медицинон центр уыд уый дæлхайад) минæвæрттимæ. Компанийы разамындæн куыд бамбарын кодтам, афтæмæй азы дæргъы республикæйы цæрджыты æнæниздзинады уавæр рабæрæг кæнынæн бахъæуы ПЭТ/КТ-йы 1200 раиртæсты бæрц саразын. Фæлæ компанийы разамынды хъуыдымæ гæсгæ, уыцы бæрц фаг нæу центры пайдайаг куыстæн.



Уыцы æууæл хынцгæйæ, уынаффæ хаст æрцыд центр сæхгæныны тыххæй", — фехъусын кодтой Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады.

Уыимæ, ведомствæйы куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй ахæм медицинон раиртæст кæмæн хъæуыд, уыцы адæмы арвыстой сыхаг республикæтæм лæвар процедурæ ацæуынмæ.

Зæгъын хъæуы, Ядерон медицинæйы центр 2021 азы Республикон онкологон диспансеры бæстыхайы кусын кæй райдыдта, уый дæр.

**Нæ уацхæссæг**

Ахсджиаг ...

Цæстдард

## Фæрæзтæ нæ фыста

**Кировы районы прокуратурæ цæгатирыстойнаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы паддзахадон зылынкæнынадыл сразы.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 157 статьяйы 1 хайы ("Тæрхондоны уынаффæ халгæйæ, ныййарæг йе 'нахъом сывæллоны дарынæн æнæ ахсджиаг æфсæнттæй фæрæзтæ нæ фиды") амынд фыдракæнд саразынæй.

Æнæ ахсджиаг æфсæнттæй тæрхондоны уынаффæ халгæйæ, фыд йе 'нахъом сывæллоны дарынæн æндæразы сентябрæй фароны октябры онг алиментты нæ фыста æмæ йæм афтæмæй бамбырд 160 мин сомы бæрц хæс.

Паддзахадон зылынгæнæджы хъуыды нымайгæйæ, тæрхондон нæлгоймагæн рахаста 5 мæйы дæргъы растгæнæг куыстытæ æххæст кæныны тæрхон, мыздæй 10 проценты паддзахады пайдайæн уромгæйæ.

Тæрхон йæ закъонон тыхы бацыд.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Ничи ферох, ницы ферох

# Дзæуджыхъæуæй — Берлинмæ

**Майрæмададжы астæуккаг скъола æз каст фæдæн ивгъуыд æнусы 70-æм азты райдайæны. Уæд ма немыцы ныхмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы гæрзифтонгæй чи лæууыд, уыцы хæстонтæй бирæтæ цардæгас уыдысты.**

Майрæмадагмæ-иу æрцыдысты афæдзы кæцыфæнды афон дæр, уæлдайдæр Хæстон-Денджызон флоты бон, æмæ-иу ахæм рæстæг æдзухдæр фембæлдысты бынæттон астæуккаг скъолайы ахуырдзаутимæ, æмæ-иу алы хатт уыдонæн радзырдтой сæ хæстон хабæрттæ.

Æз уæлдай тынгдæр мæ зæрдыл бадардтон Хæххон паддзахадон аграрон университеты ахуыргæнæг æмæ Майрæмададжы кадджын гражданин Петр Донскойы раныхас.



Куыд радзырдта, афтæмæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азфыстмæ хицæн ирд сыфæй бацыдысты Дзæуджыхъæумæ бацæуæнтæ хъахъхъæнæг хæстонтæ, уыдонимæ денджызон фистæгæфсæддонты 34-æм хицæн æхсæг бригады сгуыхтдзинæдтæ дæр.

Уый арæзт æрцыд горæт Сумгаиты æфсæддон училищæйы курсанттæй. 1942 азы октябры эшелонты бригад æрбалæууыд æфсæнвæндаджы станцæ Карабулакы. Уырдыгæй фистæгæй схæццæ Уæллаг Ацылыхъмæ æмæ ссис иуæндæсæм гвардион корпусы иу хай. Чысыл аулæфыны фæстæ мæйы кæрон балæууыд Фыййаджыбыл, Дзуарыхъæу æмæ Майрæмададжы.

Фыццæгæм ноябры фашистон хъæрццыгъатæ æнæхъæн бон бомбæтæ згъæлстой бригадыл. Уымæй уæлдай ма йыл боны дыккаг æмбисы танкты зæй дæр рацыд, моторджын дивизи "Викинг"-ы хæйттæ бырстой размæ. Карз тох цыдис суанг изæрмæ, фæлæ тыхтæ æмбæрц нæ уыдысты æмæ боны кæронмæ 150 танкæй фылдæр æрбарæдывтой бригады фронты чысыл хайыл, дыууæ дихы йæ фæкæнгæйæ.

Фыццаг æмæ æртыккаг батальонты фæстæ алæууыдысты Фыййаджыбыл æмæ Нартыхъæуы 'рдæм. Дыккаг æмæ ма цыппæрæм батальонтæй цы баззад, уыдон та Дзæуджыхъæу æмæ Майрæмадагмæ сæхи байстой. Бригады штаб æмæ автоматтæй æхсджыты батальон дæр Майрæмададжы уыдысты. Цæмæй уыцы хæйттæ фыццаг æмæ æртыккаг батальонтимæ баиу уыдаиккой, уый тыххæй хъуамæ Суаргомыл ахызтаиккой Дзæуджыхъæумæ, уырдыгæй та Фыййаджыбылмæ. Æфсæддон хæйттæ Майрæмадагыл Суаргоммæ бацыдысты. Фæлæ дыккаг бон бардзырд райстой раздæры хæстон бынæттæ бацахсыны тыххæй. Мах Майрæмададжы кæй нал стæм, уый немыцаг сгарджытæ базыдтой.

Дзæуджыхъæумæ бабырсынæй немыцаг æфсæддон разамындæн куы ницы рауад, уæд сфæнд кодта Суаргомыл Арвыкомы фæндагмæ бахизын æмæ Дзæуджыхъæу бацахсын. Майрæмададжы сын ныхмæлæууæг кæй нал ис, ууыл зæрдæдаргæйæ, немыцæгтæ æрбаввахс сты хъæумæ. Æнæнхъæлæджы сыл нæмгуыты зæй куы рацыд, уæд хорзау нал фесты.

Румынаг хæххон æхсæг дивизи, полкъ "Бранденбург", дуне танктæ, хæдтæхджытæ карз тохы бацыдысты Суаргомы хъæбатыртимæ. Дæс боны дæргъы карз хæстыты бæрцæй бирæ къаддæр сырхæфсæддонтæ нæ фæтарстысты фашистон танкты æмæ сармадзанты цæфтæй, бомбæты рæмыгъдтытæй.

Денджызон фистæгæфсæддонтæн нæ фаг кодтой нæмгуытæ, хæлц, дзæвгар сæ фæмард, фæлæ сæ ныфс нæ асаст, кæронмæ сæххæст кодтой сæ хæс.

Уыцы ахсджиаг бынат хъахъхъæнджыты сгуыхтдзинад зæрдыл æрлæууын кæны, Майрæмадагмæ фездæхæны цы стыр дур ис, уый. Фыст ыл ис: "Ам Майрæмадагмæ æввахс, 1942 азы фæззæджы фæстаг туджы æртахы онг лæууыдысты 11-æм гвардион корпусы 34-æм хицæн бригады денджызон фистæгæфсæддонтæ".

Хæсты уæззау азтæ мысгæйæ, Петр Донскойы уæд бафæндыд Майрæмададжы цæрджытæн арфæйы ныхас зæгъын. Уымæн æмæ, дам,, уыдоны ныфс æмæ æххуысæй мах нæ бакуымдтам сæттын знагæн. Ныртæккæ сæ æгас ничиуал у, фæлæ мæ рох не сты се 'ппæт дæр. Базраты Алихан, Быгъуылты Хасæхъо æмæ Арсен, Бæдтиаты Николай æмæ йæ цардæмбал Дзго, Базраты Тасолтан æмæ иннæтæ уыдысты не 'ххуысгæнджытæ.

Хицæнæй зæгъын æмбæлы Майрæмададжы уæды æвзонг хъахъхъæнæг Гæлæбаты Валодяйы тыххæй. Уый нын уыдис сгарæг, хабархæссæг нæ "батальоны хъæбул". Фæстæдæр хъæусоветы сæрдар уæвгæйæ, бирæ бакуыста, уыцы карз хæстыты чи фæмард, уыдоны ном сæнусон кæнынил.

Хистæртимæ нын æххуыс кодтой хъæуы фæсивæд дæр. Уыдон уыдысты: Æлбегаты Тамарæ, Бтемыраты Лидæ, Кучиты Зинæ. Хæстонты æмæ хъæуы цæрджыты иумæйаг архайдæй къухы бафтыд не стыр Уæлахиз.

Афтæ рауад æмæ, 1943 азы сæрды 34-æм бригадæй арæзт æрцыд 301 дивизи, æмæ хæсты кæрон фашистты дæрæн кодта сæхи лæгæты — Берлины.

**БАЗРАТЫ-ПЛИТЫ Валентинæ, Майрæмададжы Ветеранты советы сæрдар**

Наукæйы бон

# Фæсивæдон преми — Петракис Чаликидийæн

**Республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО архайдта Уæрæсейаг наукæйы боны кадджын мадзæлтты. Фембæлд уыд Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты.**

Наукон æмæхсæнады минæвæрттæн раарфæ кæнгæйæ сын Сергей Меняйло бузныг загъта сæ иртасæн архайды тыххæй. "Сымах цытджын ахуыргæндты традицитæ дарддæр æххæст кæнут, нырмæ дæр фыдыбæстаг æнтыстдзинæдтыл бафтыдтат. Цæгат Ирыстоны рагæй дæр ис хæрзхъæд ахуырадон хыз, нæ наукон скъола тыхджын у, алы фадæттæ нæм ис, цæмæй æрыгæттæ сæ хъомысæй спайда кæной. Нæ наукон æмæхсæнады гæнæнтæ парахат сты, ацы вазыгджын рæстæг уый тынг ахсджиаг у. Нæ размæ нын цы нысантæ сæвæрдтой, уыдон уæ алкæмæй дæр аразгæ уыдзысты", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Бирæазыккон фæллойы тыххæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Кады грамотæтæй схорзæхджын кодтой **Баликъоты Ларисæйы** æмæ **Хатъаты Игоры**. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Арфæйы фыстæг радтой **Сидахъаты Бештауæн**.

Алы аз дæр кæй фæдæттынц, уыцы фæсивæдон хæрзиуæг "Æгæрондзинад" æрхауд **Петракис Чаликидимæ**. Уый ма йæ æндæр аз дæр райста. Сæ профессион бæрæгбоны фæдыл ахуыргæндтæн раарфæ кодтой Парламенты Сæрдар **Алексей Мачнев** æмæ ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**. Æрыгон ахуыргæндтæн наукæйы рæзтмæ бавæрæны тыххæй радтой паддзахадон æмæ ведомствæйы хæрзиуджытæ. Хистæр кары ахуыргæндты та схорзæхджын кодтой, æрыгæттæн зондамонæнтæ кæй кæнынц, уый тыххæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Аудынад

# Гуманитарон æххуыс арвитдзыстæм

**Аппаратон æмбырды ныхас кæнгæйæ, Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО куыд фехъусын кодта, афтæмæй, Украинæйы фæзуатыл сæрмагонд хæстон операци чи æххæст кæны, нæ республикæйы зæрды ис уыцы цæгатирыстойнаг æфсæддон службæгæнджытæн хæдтулгæтæй гуманитарон æххуыс арвитын.**

— Ныртæккæ гуманитарон æххуысы фарстæн ис стыр ахадындзинад. Донбассы уыдтæн. Нæ лæппутæ дзы сæхи æвдисынц сæрæнæй. Æфсæддон дæлхайæдтæй иуы арвыстон чысыл хъуагæй фондз сахаты. Иннæ æфсæддон дæлхайад дæр бабæрæг кодтон. Гæнæн æмæ амалæй нæ лæппутæн баххуыс кæнын хъæуы. Не 'мзæххонтæй Донбассы чи ис, уыцы адæмæй алчидæр Ирыстонæй æрбафтæг дзаумæттыл æхсызгонæй сæмбæлдзæн. Цыппор фарæстæм æмæ сæдæйæм бригадты æфсæддон службæгæнджытæ кæм сты, ахæм бынæттæ бабæрæг кодтон, — загъта нæ регионы разамонæг.

Акци

# Æцæгдзинад хъуамæ зонæм

**Медицинон кусæджы дæсныйад чи равзары, уый, æнæмæнг, фембары йæ цардвæндаг адæмæн лæггад кæнынимæ кæй бæтты, уый. Уыцы хъуыдымæ сæ ахуырдзауты здахынц Цæгат Кавказы медицинон колледжы. Æрæджы колледжы студенттæ æмæ ахуыргæнджытæ саразтой, Украинæйы цы цаутæ цæуы, уыдонимæ баст цымыдисаг, хæрзаудæн акци.**







"Ацы бонты Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхтæ Украинæйы цы сæрмагонд æфсæддон операцийы архайынц, уый æнæмæнг кæнгæ хъуыддаг уыд. Дызæрдыггаг нæу, бирæ азты Донбассы æмæ Донецкы цæрджытæ æнцой нæ зыдтой экстремистты фыдракæндтæй. Махæн уый нæ фыдæлтæй баззад, зын рæстæг кæрæдзийы фарсмæ æрбалæууын.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты быдыры знагимæ чи тох кодта, уыдонæн абон махмæ ахуыр кæнынц сæ фæдонтæ. Уыдон хъуамæ зоной æцæгдзинад æмæ дзы раст хатдзæгтæ скæной", — ацы ныхæстæ загъта медицинон колледжы директор **Реуазты Таймураз**, æмбырд гом кæнгæйæ.

— Донбассы цы стыр арт ссыгъди, уый басыгъта сабыр цæрджыты. Сæ кæстæрты цард бахъахъхъæнынæн адæм ныууагътой сæ исбон, сæ цæрæнбынæттæ, æмæ сфæнд кодтой æндæр рæттæм алидзын. Хæст стыр бæллæх у, уымæн æмæ дзы адæм сæфынц, — фæбæрæг кодта уый.

Рæвдздæр фæуæд ацы хæст, цæмæй нæ сыхаг паддзахæдтимæ сабыр арвы бын кæрæдзи æмбаргæйæ цæрæм. Ацы хъуыдытимæ баст акцийы архайджытæ бацæттæ кодтой плакаттæ æмæ сæ бæрзонд систой.

Нæ хæс у Донецк æмæ Луганскы цæрджыты фарсмæ балæууын. Цы бирæ сайд, æнæбындур æмæ дызæрдыг хъусынгæнинæгтæ ис, фейктæ дæр сæ хонынц, уыдонмæ æргом здахын нæ хъæуы, Интернеты тыгъдады æнæбæлвырд хабæрттæ фыссæн нæй, уый расайдзæн уголовон хъуыддаг æмæ йæ фæсивæд хъуамæ зоной.

Фидæны медицинон хотæ, фелсыртæ, лаборанттæ хорз æмбарынц, сæвзæргæ уавæры хи куыд дарын хъæуы, уый, сæ куырыхон хистæрты зондæй æнæрæдигæ уыдзысты.

Цымыдисæй байхъуыстой историйы ахуыргæнæг **Бичилты Оледжы** раныхасмæ: "Кæд æмæ куыдæй равзæрд Украинæйы паддзахад".

**Базиаты Дианæ** та фæсивæды базонгæ кодта дыууæ республикæйы æрдзон хъæздыгдзинæдтимæ, Луганск æмæ Донецкы арæнтимæ. Цæстуынгæ æрмæг фенæн уыд экраныл.

Уыцы бон колледжы студенттимæ фембæлд хæрзаудæн фонд "Быть добру"-йы сæргълæууæг **Хъуысаты Амырхан**.

Медицинон колледжы ахуырдзаутæ сæхи хъарутæй сæмбырд кодтой æмæ хæствæллад адæмæн арвыстой гуманитарон æххуыс.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**
**Къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

*Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй.*
*Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!..*

НÆ ИРЫ ФÆСИВÆД
ГАЗЕТ ГАЗЕТЫ
ГАЗЕТ ЦÆУЫН РАЙДЫДТА 1994 АЗЫ 31 МАРТЪИЙЫ
2022 АЗЫ 12 МАРТЪИ — ТÆРГÆЙТТЫ МÆЙЫ 12 БОН, №8 (82)

Радзырд

# Хостæ

Абон Азæ рабаджы рабадт хуыссæнуатæй. Йæ зæронд стджытæ базмæлын кодта. Йæхи æрæхсадта. Сыгъдæг дзаумæттæ скодта. Хæргæ нæма бакодта, афтæмæй æрбадт стъолы уæлхъус гæххæтт æмæ фыссæнгарзимæ. Сахатмæ бакаст, стæй йæ фырты къамыл рæвдаугæ йæ цæст æруагъта. Арф ныуулæфыд æмæ фыссы: "Лизиноприл. Лозартран. Терафлекс". Æркаст фыстмæ:

— Ацы хостæ сты иннæтæй хуыздæр, фæлæ, мыййаг, кæд фæзынаргъ сты, уæд æндæртæ райсдзынæн. Дарддæр — бафидын рухс, дон, газ... Фыссы: "Дзул. Сауфагæ. Макъаронтæ..." Йæ фырты къаммæ бакаст. Дысоны хъуыдытæ йæ нæма суагътой. Йæ уд ын цыдæр маст алхыскъ кодта.

1945 азы фæмард хæсты йæ иунæг фырт. Уыцы бон, цыма, нырма знон уыд, афтæ йæ хъуыды кæны. Æддейы æхсадта, йæ хуыссæны цъæрттæй ма цы баззад, уыдон. Цыма, гыццыл цъиуты цæргæс расырдта, уыйау сывæллæттæ æрбатахтысты. Сæ фæдыл сцæйцыдысты лæппутæ фондзæй. Дыууæйæ кæйдæр хастой сæ къухтыл. Азæйы къухтæй цъыфмæ æрхаудта урс æмбæрзæн. Уыцы аз ын йæ лæгæй дæр загътой: "Фесæфт".

Уæдæй нырмæ иунæг у. Советон дуджы хорз уыд, фæлæ ныр дыууæ мин фыццæгæм азмæ бакъахдзæф кодта æмæ разы нæу ахæм цардæй. Фæкæсæг æм нæй. Азæ ма сахатыл йæ цæст æрæвæрдта æмæ, "цæуон", зæгъгæ, загъта, йæ дзаумæттæ скодта. Дуар сæхгæдта æмæ араст постмæ.

— Уæ, Азæ, чысыл фæлæууыдаис æмæ дын æй бахастаиккой! — сдзырдта йæм чысыл рудзынгæй чызг. Йæ сау дзыкку уыд цыбыр æлвыд.

Сылгоймаг бахудæнбыл. Мæдинæмæ хорз цæстæй каст æмæ-иу хаттæй-хатт хъуыды кодта, куыд хорз фидыдтаиккой йæ фыртимæ.

Чызг ын æхца нымайгæйæ йæ разы æрæвæрдта. Азæ къух æрфыста. Уым бафыста йæ донæн, рухс æмæ газæн. Сæ æргътæ та схызтысты, фæлæ цы йæ бон у? Хъаст кæна, ма кæна — ницы аивдзæн. Цы æхца йæм баззад, уыдонимæ ацыд хостæ æлхæнынмæ.

— Бабушка, не задерживайте очередь, — райхъуыст сылгоймаджы фæстæ. Йæ бакаст уыд тызмæгхуыз, фæлæ рæсугъд лæппу-лæг. "Цы пайда ис дæ рæсугъдæй, кæд æмæ хистæртæм ахæм дзыхæй дзурыс"? — ахъуыды кодта Азæ æмæ та лæгъстæгæнæгау сдзырдта уæйгæнæгмæ:

— Кæд, мыййаг, ис ахæм хос, фæлæ асламдæр?

— Ис, фæлæ уый афтæ хорз нæ уыдзæн. Стæйма, гæнæн ис, æмæ рынчындонмæ бахауай, уый дæ хъæуы? — къæйныхæй дзуры уæйгæнæг. Йе 'рфгуытæ, цыма, калм хурбон йæхи дурыл хъарм кæны, уыйау сты тæнæг æмæ иугонд. Урс хæдон æндæргау бадт сылгоймагыл.

"Мæнгард", — æвиппайды знæт хъуыды дзынгайау смидæг Азæйы сæры. Ныуулæфыд, цыма йæ цыдæр чысыл къоппы нывæрдтой æмæ йын улæфын зынæй зындæр у, афтæ хатыдта йæхи. Кæцæйдæр райхъуыст сывæллоны кæуын æмæ адæмы хъуыр-хъуыр фæтынгдæр.



— Æмæ æз дыууæ мины хостыл куы бахардз кæнон, уæд æнæхъæн мæй цæмæй цæрдзынæн? — æрбаввахс уæйгæнæджы рудзынгмæ æмæ йæм гыццыл сывæллоны цæстытæй каст, ома, мын баххуыс кæн, адæймаг нæ дæ.

— Это меня не касается! — мæстджынæй сдзырдта уæйгæнæг æмæ йæ былтæ акъуырдта.

— Девушка, дайте ей уже то, что она просит! — мæсты хъæлæс та райхъуыст Азæйы фæстæ.

Уæйгæнæг нæ басаст:

— Или берите или уходите!

Азæ лæууыд, фæлæ йæ фæстейæ бакъуырдта уыцы лæппу:

— Цæй, тагъддæр! Адæм дæумæ лæууынц!

Æцæгдæр, дæс минутмæ дукани айдзаг. Йе 'хца ризгæ систа æмæ дыууæ мины балæвæрдта уæйгæнæгмæ.

— Еще 350 рублей, — уæлейæ барджынæй радзырдта.

Азæ смæсты. Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты зын бонтæ: хæст, туг, стонг рæстæг, ныры фæсивæдæн фидæн йæхи удæй чи балхæдта, уыдон. Уæдмæ йын йæ цонгмæ рахизæрдыгæй чидæр фæлмæн æвнæлд бакодта. Уый уыд æрыгон чызг, хуртæ æмæ дзы мæйтæ каст. Азæ æвиппайды ахъуыды кодта: "Ныртæккæ та мæ ай дæр тагъд кæндзæн". Чызджы хъæлæс, фæлмæн дымгæйау, фæлæ фидар мæсыджы дурау, райхъуыст:

— Нана, цас дын нæ фаг кæны?

Азæйы зæрдæ тынгдæр ныггуыпп-гуыпп кодта. Уæйгæнæг йæ бæсты сдзырдта:

— 350 рублей, — æмæ чызгмæ йе 'рфыджы галиу хай систа.

Чызг æхца балæвæрдта. Азæ йын каст йæ фæззæгхуыз цæстытæм. Даргъ æнгуылдзтæ хостæ нывæрдтой йæ зæронд хордзены. Чызг ын йæ къухыл рахæцыд.

— Цом, нана, — æддæмæ йæ ракодта. — Кæдæм дæ хъæуы?

Фæлæ Азæ джихæй лæууыд. Чызг ма иуцасдæр алæууыд, йæ сахатмæ æркаст:

— Мæн цæуын хъæуы, бахатыр кæн, — æмæ адæмы 'хсæнты æрбайсæфт. Азæ ма чысыл алæууыд. Йæ æнцъылд русыл æруад цæссыджы æртах:

"Уæддæр дзæгъæлы нæ фæмард сты. Цалынмæ ахæм адæм уа, уæдмæ дзæгъæлы нæ уыдысты утæппæт хъизæмæрттæ", — ахъуыды кодта Азæ æмæ сабыргай фæцæуæг хæдзармæ.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ,**
**ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты студенткæ**

Æрыгæтты сфæлдыстад

# Гæдыбæласы мыггаг

Гæдыбæлас дидинæг ракалдта. Фæзынд ыл бирæ пакъуы æд мыггаг. Иу афон ын дымгæ йæ мыггаг ахаста æмæ сæ быдыртыл байтыдта. Фæлæ йыл баззад иу хивæнд мыггаг æмæ уый йæхи бæласæй атонын нæ куымдта. Рæстæг рацыд æмæ уый дæр нал бафæрæзта. Аскъæфта йæ дымгæ, йæ хъæбысы йæ систа æмæ йæ фæхæссы...

Тæхы гæдыбæласы мыггаг æмæ хъуыды кæны, кæм æрбынат кæнон мæхицæн, зæгъгæ. Кæсы æмæ сахары астæу иу къох ауыдта. Мæнæ диссаджы хорз бынат, зæгъгæ, ахъуыды кодта йæхинымæры. Ам куы æрбадин, зæгъгæ, йæхи куыд æруагъта зæхмæ, афтæ йæм тулдз бæлæстæ сæхи тызмæг фæзылдтой:

— Тæхгæ ардыгæй, æнæ дæу дæр фаг стæм ам!

Хорзау нал уыд гæдыбæласы мыггаг. Æрæнкъард æмæ та атахт дарддæр. Тæхы æмæ ауыдта диссаджы дыргъдон. Ам мæхицæн бынат скæнон, зæгъгæ, та йæхи куы æруагъта, афтæ та йæм уыдон дæр сæхи фездæхтой æмæ йæм тызмæгæй дзурынц:

— Тæхгæ ардыгæй! Махæн æнæ дæу дæр къуындæг у!

Атахт та дарддæр гæдыбæласы мыггаг, уæдæ цы фæуыдаид. Кæсы æмæ ауыдта æнæкæрон быдыртæ. Нæй дзы нæдæр бæлæстæ, нæдæр къудзитæ. Æрмæст дзы рог дымгæ мæнæуы æфсиртæ фæйлауы, йæ алыварс та сойджын цъæх кæрдæг зайы.

Æрбадт уыцы ран гæдыбæласы мыггаг æмæ баззад уым цæргæйæ. Сырæзыд æмæ дзы арф уидæгтæ ауагъта.



**КЪУЫМЕХТЫ Марат,**
**Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы 7 "В" къласы ахуырдзау**

# Цъиуæхсæн

**Гыццылæй тынг фыдуаг уыдтæн. Иу бон мæ мæ фыд йе’мбæлттимæ акодта кæсаг ахсынмæ. Ииуылдæр бадтысты доны был се’нгуыртимæ, мæнмæ дæр радтой иу гыццыл æнгуыр, кæсаг иу иннæйы фæдыл истой, цин кодтой алы тъепайыл дæр, фæлæ мæнмæ уыцы куыст цымыдисаг нæ каст. Цæмæй сæ ма хъыгдарон, уый тыххæй мын мæ фыды ’мбал скодта бæласы къалиуæй цъиуæхсæн.**

Бæлæсты æхсæн бамидæг дæн. Кæсын æмæ, дыууæ цавæрдæр рæсугъд цъиуы, сæрдыгон рæсугъд æрдзыл цингæнгæйæ, кæрæдзи расур-басур кæнынц. Сæ хъæлдзæг цъыбар-цъыбурæй зæрдæ ради. Куы уæлæуæз стæхынц, куы та бæласыл абадынц. Иу кæм æрбады, иннæ дæр уым хæстæг æрбынат кæны.

Бирæ сæм фæкастæн. Уалынмæ дзы иу ныллæг бæласы къодахыл æрбадт. Иннæ йæ цурты аратæх-батæх кодта, стæй ныллæг дурыл, къодахмæ хæстæг æрбадт уый дæр. Мæ цъиуæхсæнмæ рæвдз февнæлдтон æмæ лыстæг дурæй ныхъхъавыдтæн, дурыл цы рæсугъд цъиу бадтис, уымæ.



...Цъиу дурæй æрхауд, æз æм рæвдз балыгътæн æмæ йæ мæ къухмæ сисынмæ хъавыдтæн. Æвиппайды райхъуыст йе'мбалы тарст хъæр. Хæстæг мæ нæ бауагъта мард цъиумæ, йæ базыртæ хоста, цыма æххуысмæ сидтис. Дардæй йæм бирæ фæкастæн. Уый йæ хъуыры бын бакодта мард цъиуы æмæ æдзынæг каст мæнырдæм цыдæр æнæуынон цæстæй. Бæргæ бамбæрстон мæ рæдыд, фæлæ ма йæ куыд сраст кодтаин?.. Цъиуæхсæн дæр ма донмæ бæргæ фехстон, фæлæ уыдæттæй ницыуал пайда уыд. Мæ кæуындзæг мæ хъуырмæ ссыд ме' нæуаг мийæ...

Уæдæй абонмæ мæ фыдуаг фæсаст. Йе' мбал цъиуы уаст абон дæр мæ хъустыл уайы. Мæхицæн дзырд радтон, цалынмæ цæрон, уæдмæ хæцæнгарз кæй никуыуал райсдзынæн мæ къухмæ.

**КЪУЫЛЛЫТЫ Чермен,**
**Беслæны 7-æм скъолайы 7-æм къласы ахуырдзау**

Æмбисонд

# Тыхтæ

**Цыфæнды зындзинад дыл куы 'рцæуа, уæддæр æй зон: нæдæр рæстæг æрлæудзæн, нæдæр цард фæуыдзæн! Уымæн æмæ афтæ конд у царды цалх.**

Дæумæ фæкæсдзæн — алцæмæн дæр æмæ алцыппæтæн дæр æрцыд сæ кæрон, фæлæ уый мæнг хъуыды у. Фæстæдæр æй дæхæдæг бамбардзынæ.

Уый у царды цыбыр æмæ æгъатыр цау. Дæу тыххæй цард йæ цалхы куыст не 'руромдзæн. Бахъуыды кæн уый дæр, æмæ дын уыцы цауимæ Хуыцау балæвар кæндзæн "уæйыджы тыхтæ", æндæр зонд, куырыхондзинад, дардмæуынынад... Уыцы "лæвæртты" ранымадæн уыдон сты йæ чысылдæр хæйттæ. Буар сæ кæцæйдæр гуырын кæндзæн æмæ сыл фæстæдæр цин дæр æмæ дис дæр кæндзынæ.

Иу дзæвгар рæстæг царды цалх куы атула, уæд та дын цайцымæн уидыггай лæвар кæнын райдайдзæн циндзинады æнкъарæнтæ. Уыцы рæстæг ды бахъуыды кæндзынæ йе'рбацыдæй, æмæ йыл уæд дыууæ къухæй "ныддæвдæг" уыдзынæ. Уыцы цины ахсджиагдзинад арф банкъардзынæ. Зæгъгæ, сæм уыцы рæстæг исчи стыр æхцайыл "æлхæнæг" куы фæзына, уæддæр сæ ницæй тыххæй ратдзынæ, уымæн æмæ йæ ды зоныс, цы зын фæндагыл дæм æрбахæццæ сты, уыцы цины 'ртæхтæ.

Ноджы-ма уый дæр бамбардзынæ, уымæй фæстæмæ сæ ды цæсты гагуыйау куыд хъахъхъæндзынæ, уый. Фæстæдæр сын сæ бæрц бонæй-бонмæ уæрæхдæр кæндзынæ.

"Тар хабæрттæм" домбайау гæппæввонгæй нал лæудзынæ, уæзбынæй райдайдзынæ архайын. Цæмæн? Уымæн æмæ ныр циндзинады тыхты "паддзахы" рæстæг бырсдзæн дæ цардмæ! Ды-иу уыцы "уазæгæн" дæ зæрдæйы æхгæд дуæрттæ байгом кæн æмæ-иу сæ мидæмæ бахон!

Тит Нат Хан цæйау загъта: "Цæмæй сабырдзинад дæхимæ æрцæрын кæнай — бахуд!" Æндæр хос дзы нæй ! Схæц де' уæнгтыл! Бахуд! Уымæй дын ныр ницыуал уыдзæн...

**КÆРКУЫСТЫ Дианæ,**
**Дзæуджыхъæуы 5-æм гимназы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг**

Фестивал

# Мультипликацион кинонывтæ — иронау

**Æхсæнадон организаци "Ирон Федераци"-йы минæвар ЦГЪОЙТЫ Тамерланы æххуысæй Мæскуыйы фыццаг хатт ацыд ирон æвзагмæ тæлмацгонд мультипликацион кинонывты фестивал.**

— Абон мæскуыйаг ирон æхсæнады культурон центры проект "Родная анимация"-йы фæлгæты президенты культурон хъæппæристы фонды æххуысæй арæзт æрцыд ирон æвзагмæ тæлмацгонд мультипликацион кинонывты фестивал. Фестивалы уазджытæ уыдысты Мæскуыйы ирæтты æхсæнады уæнгты сывæллæттæ, ирон æвзаджы уроктæм чи цæуы, уыдон. Нæ бæстæйы ахæм уæззау рæстæг куы скодта, уæд нын сабыр царды æмæ хæлардзинады архайдтытæ ноджы ахсджиагдæр сты, — загъта Цгъойы-фырт.

Фестивалы кæронбæттæны "Ирон Федераци" Мæскуыйы ирон æхсæнадæн балæвар кодта ирон æвзагыл арæзт æппæт анимацион продукци. Сæ бон дзы уыдзæн пайда кæнын интернеты тыгъдады дæр.

Мартъийы сæ зæрды ис ахæм кадджын мадзал Бетъырбухы саразын дæр.

Ирон æвзагмæ цы мультконывтæ ратæлмац кодтой, уыдонæй, куыд методикон æрмæгæй, спайда кæнæн уыдзæн Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны ахуыргæнæндæтты.

Ирон æвзаг хауы индоевропæйаг æвзæгты индоирайнаг къабазы къордмæ æмæ ягнобаг æвзагимæ у, абоны бонмæ цы дыууæ цæгатаг-скæсæйнаг-ирайнаг æвзæгтæ баззад, уыдонæй иу. Ныртæккæ æппæт Ирыстоны цæрджыты нымæцæн йе 'мбис Дзæуджыхъæуы цæры, фæлæ дзы, хъыгагæн, райдайæн кълæсты ахуырдзаутæн сæ 10-20 проценты йеддæмæ мадæлон æвзагыл ничиуал дзуры. Уый ууыл дзуры, æмæ ирон æвзаг сæфты къахыл кæй ныллæууыд. Æвзаг куы нал уа, уæд адæмыхатт дæр нæй. Кæд æй бамбардзыстæм, цымæ?

Æмдзæвгæтæ

## Мады цæстытæ

*Ис фæлмæн каст царды*
*Мады цæстытæн.*
*Ис дзы ссарæн ноджы*
*Денджызы уылæн.*

*Уарзт æмæ фæлмæн дзырд*
*Фендзыстут сымах.*
*Дард фæндагыл уемæ*
*Мады цæстæнгас.*

*Кувы æмæ куры,*
*Зæдты бар кæны.*
*Хъæбултæн сæ цардæн*
*Арфæтæ кæны.*

*Цæстытæй зынаргъдæр*
*Мадæн сты, зон!*
*Уыдон царды махæн*
*Сты, бæгуы, æхцон.*

**АМЕРИДЗЕ Азæмæт,**
**Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы 7 “А” къласы ахуырдзау**

## Фæззæг

*Фæззæг балæууыд йæ рады,*
*Фæивта боныхъæд йæхи.*
*Акæс ма, цы мигъ ныббадти,*
*Хур цыма тæргай фæци.*

*Урс нывæфтыд зæххыл*
*Халас аппæрста.*
*Зымæгыл тæнæг хыз*
*Цыма бамбæрзта.*

*Бæлæстæй ызгъæлынц*
*Бур-бурид сыфтæ.*
*Цъиутæ дæр фæтæхынц*
*Хъарм бæстæм, уæдæ...*

*Бæстæ 'васт ныссабыр,*
*Хъуысы ма æрмæст*
*Цæугæдоны хæл-хæл*
*Æмæ уыджы уаст.*

**ХОСТЫХЪОТЫ Тамилæ**

## Мадæлон æвзаг

*Æрбайхъус ма, мæ лымæн,*
*Нæ мадæлон æвзаг*
*Чи нæ зоны, уымæн*
*Зæгъдзынæн: "Худинаг!"*

*Нæ мадæлон æвзагыл*
*Дзурынц нæ бинонтæ.*
*Ме 'мбæлттæ скъолайы,*
*Нæ фæрныг сыхбæстæ.*

*Ирон æвзаг у махæн*
*Сыгъзæринау зынаргъ!*
*Ирон æвзаг у махæн*
*Нæ фидæны гæнах.*

*Ирон æвзаг нæрдзæнис,*
*Ирон æвзаг уыдзæн!*
*Аланты 'взаг цæрдзæнис,*
*Æвзагæн нæй мæлæн!*

**ПУХАТЫ Ацæмæз,**
**Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы 7 “В” къласы ахуырдзау**

## Уалдзæг

*Мæнæ та нæм уалдзæг*
*Хъарм цæстæй кæсы.*
*Арф комæй нæм уддзæф*
*Рог дымгæ хæссы.*

*Зæхх кæсы æнхъæлмæ*
*Тракторы хъæрмæ.*
*Хъæуы цард та райхъал*
*Зæрдæ рухс кæны.*

*Уалдзæджы рæсугъд фæд —*
*Аргъæутты бæстæ.*
*Бонæй-бонмæ тавы*
*Адæмы фæндтæ.*

**БЫГЪУЫЛТЫ Алисия,**
**Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы 5 “А” къласы ахуырдзау**



Фарс бацæттæ кодта
ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ

Æхсызгон цау

# Хорзæхы аккаг

**Фыдæлтыккон æмбисонд куыд зæгъы, афтæмæй адæймаджы сагъæс бамбарынæн иу лæджы зонд дæр æгъгъæд у, фæлæ йæ циныл бацин кæнынæн та зæды зæрдæ хъæуы. Саутæты Тамилæ газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы сфæлдыстадон кусджытæй иу, йæ хæрзаив фыст мидисджын æрмæджытæй, арфхъуыдыджын цымыдисаг уацтæй газеткæсджыты зæрдæтæм ары йæхи фæндаг.**

Мыггагмæ дæр нæма æркæсынц нæ газеткæсджытæ, афтæмæй æрмæджыты авторты сфæлдыстадон æрмдзæф базонынц йæ уацæн лæвæрд сæргондæй, кæнæ та йæ фыццаг рæнхъытæй дæр. Æмæ, не сфæлдыстадон æрмадзы дæснытæй искæмæн йæ зæрдиаг куысты тыххæй аргъ куы скæны, уæд уый вæййы æхсызгон.

Æмæ та, нæ зынаргъ газеткæсджытæ, æхсызгонæй уын хъусын кæнæм, æрæджы Сылгоймæгты дунеон боны кадæн Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг Сергей Меняйло нæ республикæйы алы къабæзты кусджытæй, сæ фæллойадон стыр æнтыстыты тыххæй, паддзахадон хæрзиуджытæй æмæ кадджын нæмттæй цы фæзминаг сылгоймæгты схорзæхджын кодта, уыдонимæ ис газет "Рæстдзинад"-ы хистæр уацхæссæг, УФ-йы Журналистты цæдисы уæнг Саутæты Тамилæ дæр. Бирæ азты йе 'нæзæрдæхудт куысты тыххæй йын лæвæрд æрцыд "Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы сгуыхт журналист"-ы кадджын ном.

Ссæдз азы размæ Тамилæ æрбахызт "Рæстдзинад"-ы редакцийы къæсæрæй. Йæ фыццаг уацхъуыдтæ газеты фæзындысты, ЦИПУ-йы ирон филологи æмæ журналистикæйы факультетты цыппæрæм курсы куы ахуыр кодта, уæд. Йæ ирон æфсарм, уæздандзинад, æгъдау æмæ уагæй Тамилæ йæхи бауарзын кодта сфæлдыстадон кусджыты хистæр, астæуккаг æмæ кæстæр фæлтæртæн. Йæ рæсугъд зæрдæйы ахаст, фыдæлтыккон культурæйæн кад æмæ аргъ кæй кæны, Ирыстоны хæххон æмæ быдираг хъæуты алы дур, фæз, айнæг, кувæндоны равзæрды, рагон бæрæгбонты тыххæй, йæ хистæртæй цы фехъуыста, уыцы хабæрттæ нып газеткæсджыты размæ хаста.

"Рæстдзинад"-ы кусын куы райдыдта, уыцы бонæй нырмæ Тамилæ у нæ коллективы иттæг куыстуарзаг æмæ бæрнон уацхæссæг, уарзон æмбал, æмкусæг æмæ зæрдæхæлар сылгоймаг.

Фæнды номырмæ оперативон æрмæг цæттæ кæна, фæнды тæлмацыл куса, йе очерк кæнæ интервью фысса, йæ алы æрмæг дæр вæййы бæстон, цымыдисаг æмæ æнцонæмбарæн, нуарджын ирон æвзагæй фыст. Йе 'рмæджыты вæййы арæх, кæмæй нал фæпайда кæнæм, ахæм фыдæлтыккон дзырдтæ дæр. Алы уацмæ дæр æм вæййы цæстуынгæ мидисджын æрмæджытæ: къамтæ, географион картæтæ, дзуарнывтæ, кувæндæтты хуызистытæ, документтæ, рухстауджыты къухфыстытæ...

Зæгъæм, фæстаг дыууæ азы Тамилæ йе сфæлдыстадон архайды арæхдæр фæфыссы, Аланыстон чырыстон дин куы райста, уыцы историон цауимæ баст æрмæджытæ. Фактæй сæ хæрзарæзт скæныны тыххæй йæ иу æмæ дыууæ хатты фембæлын нæ бахъæуы зындгонд историктимæ, археологтимæ, чырыстон дины, истори æмæ культурæйы рагон бæстыхæйттæ цæггæнджытимæ, архитектортимæ, архивты кусджытимæ.

Газет "Рæстдзинад"-ы цы бирæ æмæ бындурон сфæлдыстадон æмæ фæллойадон æгъдæуттæ ис, уыдонæй сæ арфæйагдæр у сфæлдыстадон кусджыты 'хсæн фæлтæрты бастдзинад, кæрæдзийыл аудыны хъару. Уымæ гæсгæ, нæ фæлтæрдджындæр журналисттæй иу, "Рæстдзинад"-ы сæйраг редакторы раздæры хæдивæг, фыссæг æмæ этнограф Цгъойты Хазби пенсимæ куы ацыд, уæд йæ тематикон фарс "Æлутон" аразын бабар кодта Тамилæйæн. Æмæ йыл уый дæр зæрдиагæй кусы. Нæ зынаргъ хистæр дзы цы рубрикæтæ саразта, уыдонмæ ма Тамилæ бафтыдта. Афтæмæй "Æлутон"-ы алы рауагъд дæр вæййы хъуыдыйæ мидисджын, газеткæсджытæн — цымыдисаг.

Тамилæйæн йæ кадджын номы фæдыл зæрдиаг арфæ кæнæм. Царды æмæ йе 'нæнцой сфæлдыстадон куысты кæддæриддæр разæй куыд уа, нæ дзыллæйæн ма бирæ азты лæггад куыд кæна, уыцы хъару йын Хуыцау æмæ Мады-Майрæм ма бавгъау кæнæнт!



**Газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кусджытæ**

Аивад

# Балеты премьерæ

**Бетъырбухы Марияйы театры дзæуджыхъæуккаг филиалы сценæйы ацыд балет "Парфюмер"-ы премьерæ.**

Æппæт дунейæн зындгонд немыцаг фыссæг Патрик Зюскинды уацмысмæ гæсгæ кæй сæвæрдтой, уыцы спектаклмæ театр йæхи цæттæ кодта æртæ азы дæргъы. Филиалы сæйраг балетмейстер **Суанты Валери** у спектаклы режиссер-кафтæвæрæг.

— Балетыл кусгæйæ, бирæ зындзинæдтæ бавзæрстам: коронавирусы рынæн бафæрæзтам, театр дæргъвæтин рæстæг цалцæг кодтой, аивгæнæн дзаумæттæ Бетъырбухы сарæзтой, къахыдарæс дæр нын уым бахуыдтой. Алы хатт дæр стыр проекттæ зындзинæдтыл сæмбæлынц. Нæ театр кæй баххæст кодта, уыдонæй ацы спектакл у æппæтæй стырдæр, — загъта Суаны-фырт.

Спектакл æвæргæйæ, цы театрдзау дæр спектаклы мидис рахатдзæн.

Спектакл æвдисы XVIII æнусы Францы цард. Аив æмæ уыцы-иу рæстæг æбуалгъы Парижы рахатæн ис социалон къордты æхсæн хицæндзинад. Цавæрдæр æвууæлты ахсосæй парижæгтæ кæй нæ бауарзтой, горæты фæзынд ахæм нæлгоймаг Жан Батист Гренуй. Тæф иттæг дæсны уагæй хатæг ацы адæймаг дуне рахатынмæ тырны. Иу бон куы уыд, уæд Гренуй фæсарæйнаг минæвар Антуан Ришийы æвзонг бурхил чызг Лаурæйы тæфæй разыйæ баззад. Чызджы тæф химæ бауадзыныл архайгæйæ, Гренуй йæ тыхджын уагæй ныхъхъæбыс кодта, æмæ афтæмæй Лаурæ фæмард. Чызджы адзалимæ йæ тæф дæр кæй ацыд, Гренуй уыл фæсмон кæны.



Суанты Валери йæхи хъуыдытæ бафтыдта уацмысмæ.

— Спектаклы сæйраг архайджыты кæмæй схайджын кодтон, уыцы уарзонад ахъаз кæны уацмысы мидис иучысыл æндæр хуызы раргом кæнынæн, — зæгъы режиссер.

Уацмыс чи нæ каст, уыцы театрдзау дæр спектаклы мидис рахатдзæн.

Æрыгон артист **Малиты Азæмæт** марæг Гренуйы фæлгонц иттæг дæсны уагæй ахъазыд, ирыстойнаг балеты æвзонг артисткæ **Виолеттæ Магометханова** та сарæзта æвзонг Лаурæйы сурæт.

Театрдзаутæ ног спектаклæй разыйæ баззадысты.

**Нæ уацхæссæг**

Арфæ

## Фæрниаты Бесæгъуыры фырт Беслаурæн йæ 80 азы юбилейы фæдыл



*13 мартъийы 80 азы æххæст кæны Фæрниаты Бесæгъуыры фырт Беслаурыл. Кадджын юбилейы фæдыл ын зæрдиаг арфæтæ кæнынц йæ хиуæттæ.*

*Беслаур райгуырд Фыййаджыбылы 1942 азы, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг. Фыццаг ыл сæвæрдтой ном Керымбег, фæлæ йын æй сыхбæсты хистæртæ аивын кодтой. Тедтойты Темырыхъо æмæ Уаниаты Мысост ноггуырдыл сæвæрдтой Беслаур йæ фыдмæ гæсгæ, уый та уыцы рæстæг уыд хæсты быдыры. Тедтойты Темырыхъойы зæрондæй акодтой хæстмæ, æмæ нал сыздæхт. Цы фондз чызджы йын баззад, уыдон та Беслауры нымадтой се 'фсымæрыл.*

*Фыййаджыбылы скъола каст куы фæцис, уæд æм фæсидтысты Советон æфсады рæнхъытæм. Уым йæ хæс кæронмæ сæххæст кодта æмæ кусынмæ бацыд Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институтмæ, изæрæй та дзы ахуыр кодта.*

*Ахуыры фæстæ бирæ азты фæкуыста завод "Гран"-ы хистæр инженерæй. Уырдыгæй йæ раивтой профцæдисты комитетмæ инспекторæй. Бакуыста дзы 20 азы, бирæ фæкæсынхъуаг адæмæн баххуыс кодта. Цалдæр азы бакуыста Фæллойы паддзахадон инспекцийы дæр.*

*Пенсимæ куы рацыд, уæдæй нырмæ ис йæ уарзон хъæубæсты 'хсæн. Бирæ лæггад кæны хъæуккæгтæн, кæстæртæн у æгъдауамонæг. Ныртæккæ у районы Ветеранты советы уæнг.*



*Нæ зынаргъ Беслаур! Цардвæлтæрд, фендджын адæймаг дæ, адæм дын аргъ кæнынц, æмæ дын Стыр Хуыцау æмæ Ирыстоны зæдтæ æххуысгæнæг уæнт! Низæфхæрд дæ, æмæ æнæниз, æнæмаст у. Цы хорздзинæдтæм ма бæллыс, уыдон дæр тагъд рæстæджы куыд фенай, ахæм арфæ дæ уæд.*

**Хиуæтты номæй — йæ чызг Мæдинæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Сыхбæсты фæдисон

Ацы дунейыл æмæ царды алцыдæр амондæй аразгæ у. Мах сыхæн та Стыр Хуыцау балæвар кодта ахæм амонд, æмæ не 'хсæн цæры уарзон сыхаг Беджызаты Таня.

Таня кусы медицинон хойæ æртын азæй фылдæр Тагъд æххуысы республикон клиникон рынчындоны. Уымæй уæлдай, стыр лæггад кæны сыхы цæрджытæн.

Фæлæггад кодта фæстаг æртæ азы, мæнæ ацы дæлдзæх фæуинаг вирус куы фæзынд, уæдæй фæстæмæ. Ахæм хæдзар нæй сыхы, æмæ зæрдиаг лæггад кæмæн нæ бакодта. У лæвар ирвæзынгæнæг. Кæд майдан ирвæзынгæнæгæн радтынц, уæд Беджызонæн æмбæлы дæс.

Сæумæраджы сыхы рынчынтыл æрзилы, кæмæн укол скæны, кæмæн капельницæ æвæры.

Суткæ куысты фæстæ, фæллад, хуыссæгцухæй йæ къæхтæ дыдæгътæ кæнгæйæ, зилын байдайы, зивæг нæ зоны. Хуыцауæй лæвæрд ын у лæггад кæнын йæ уарзон адæмæн. Йæ бинонтæ дзы адæмы мæтæй ферох сты. Къæбæр бахæрынмæ йын рæстæг дæр нæ вæййы. Рынчыны уæлхъус куы алæууы, уæд йæ бæстон бафæрсы йæ уавæрæй.

Дохтырæн, дам, йæ фыццаг хос йæ фæлмæн ныхас у, стæй та — хостæ. Уый хауы Танямæ дæр.

Зæгъæм ын бузныг, дæргъвæтин цард æмæ амонд йæ бинонтæ æмæ хиуæттимæ. Æнæнизæй цæр, Таня, уæд нодзы дæ бон бауыдзæн адæмæн фылдæр балæггад кæнын. Адæмæн дæ уарзон æмæ æмбисондау: "Цæйнæфæлтау дæ дæ адæмы фыдæх уа, фæлтау дæ Хуыцауы фыдæх уæд". Ды дæ Хуыцауæн дæр уарзон, адæмæн дæр, æмæ нын цæр æмæ цæрынæй бафсæд. Дæ лæггад дын Терчы донæй дæр нал бафиддзыстæм...

**Сыхы номæй ХАРЕБАТЫ Зæирæ æмæ ЦХУЫРБАТЫ Ленæ, пенсиисджытæ**

Хæрзаудынад

# Хъусын уын кæнæм

Хæрзаудæн фонд "Быть добру" Донецкы æмæ Луганскы Адæмон республикæты цæрджытæн баххуыс кæныны тыххæй æхца æмбырд кæны.

**Æхцайы фæрæзтæ рарвитынæн реквизиттæ:**

Куыстуаты ном — **хæрзаудæн фонд "Быть добру"**

Стъарапойлаг хайад № 5230 ПАО Сбербанк Стъараполы горæт

ИНН 1513011730

КПП 151301001

БИК 040702615

Бахыгъдон нымæц 40701.810.7.60340000085

**Координатор — Хъуысаты Амырхан +79888330070**

"Сбербанк Онлайн"-ы сервисы фæрцы фæрæзтæ арвитæн ис амынд реквизиттæм.

Æххуыс бакæнын йæ бон у хицæн адæймæгтæн, организацитæн.

Гуманитарон æххуыс æмбырд кæныны пункттæ сæ куыст дарддæр кæнынц. Уырдæм бадæттæн ис дзаума, дзабыртæ, гигиенæйы фæрæзтæ, сывæллæтты хæринаг, тæбæгъты, канцтовартæ æмæ æндæр фæрæзтæ.

**Дзаума райсыны пункттæ сты:**

**Æнæнхъæлæджы цауты министрады**

1. Дзæуджыхъæу, Дзержинскийы уынг, 70-æм хæдзар;
2. Æрыдон, Красногойраг уынг, 2-æм хæдзар.

**Центр "Мой бизнес"-ы**

Дзæуджыхъæу, Шмулевичы уынг, 8 б-йы хæдзар;

**Фæсивæды галуан**, Дзæуджыхъæу, Леоновы уынг, 2-аг хæдзар.

**Цæрджыты социалон лæггæдты комплексон центрты:**

1. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 298-æм хæдзар;
2. Дзæуджыхъæу, Цуанæтты уæхгæрмæуынг, 1/18 -æм хæдзар;
3. Дзæуджыхъæу, Пожарскийы уынг, 14а-йы хæдзар;
4. Алагир, Фæскомцæдисон уынг, 28-æм хæдзар;
5. Æрыдон, Пролетарон уынг, 71-æм хæдзар;
6. Дигора, Акъойы-фырты уынг, 37-æм хæдзар;
7. Цыкола, Махъойы-фырты уынг, 23-æм хæдзар;
8. Елхотт, Кировы уынг, 177-æм хæдзар;
9. Мæздæг, Октябрскийы уынг, 78-æм хæдзар;
10. Беслæн, инæлар Плийы-фырты уынг, 16-æм хæдзар;
11. Октябрыхъæу, Маяковскийы уынг, 34-æм хæдзар.

Барадон фæтк

## Къæрныхы баурæдтой

**Дачæтæй цалдæр хатты исбон адавынæй кæуыл гуырысхо кæнынц, Дзæуджыхъæуы пъæлицæйы 2-æм хайады кусджытæ ахæм адæймаджы баурæдтой.**

Æбæрæг адæймаг Мæскуыйаг микрорайоны æмæ дыргъдон цæхæрадæтты æмбалад "Надеждæ"-йы æрдæгарæзт объекттæй цалдæр хатты исбон кæй адавта, барадхъахъхъæнджытæ уый сбæлвырд кодтой.

Пластикон рудзгуытæ ралхъивгæйæ, фыдгæнæгиу кæйдæр æрдæгарæзт хæдзæрттæм фæныхилдта. Хуыснæг-иу давд дзаумæттæ (уыимæ — зынаргъ электроинструменттæ дæр) бамбæхста, цæмæй сæ иуцасдæр рæстæджы фæстæ ауæй кæна.

Давд дзаумæтты хицæуттæн æрхастæуыд 150 мин сомæй фылдæр материалон зиан.

Æнæлазæй æххæстгонд оперативон-агурæн мадзæлтты фæрцы Дзæуджыхъæуы пъæлицæйы 2-æм хайады кусджытæ фыдракæндтæ саразынæй гуырысхойаг адæймаджы — бынæттон 27-аздзыд лæппуйы баурæдтой. Барадхъахъхъæнджытæ давд дзаумæтты хай ссардтой.

Уыцы адæймагæн тæссаг у 6 азы дæргъы ахæстоны фæбадыфнæй.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Фатæвæрæн. 8. Æнæхъæн, æнæвнæлд. 11. Мыдыбындзыты "мад". 12. Хуыйæн машинæйы хай. 13. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 17. Къахæй цæуын. 20. "Митæйдзаг... мары фæздæгæй" (Къоста). 21. Къæдзæхы тигъ. 22. Æхсыры продукт. 23. Хæхты ном Астæуккаг Азийы. 24. Уæзы бæрц. 25. Картæты æмбырдгонд. 26. Стыр кæсаг. 29. А. А. Фадеевы роман. 31. Иумæйаг куыст. 32. Тасмачъи. 33. Бастдзинады фæрæз. 37. Шахмæттæй дунеон чемпион. 41. Къуымбилгуыстгæнæджы дзаума. 42. Саулохты Мухтары пьесæ "Знауыр"-ы архайæг. 43. Стыр хæфс. 44. Хæрзæрыгон, æнæбон.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Къостайы æмдзæвгæ. 2. Уырдыглæууæджы кусæнгарз. 3. Æнæкъæдзил. 4. Мæсыг, фидар. 5. Худ аргъæутты. 6. Хъæууонхæдзарадон кусæнгарз. 9. Дыргъ. 10. Уидагдыргъ. 14. Хæблиаты Сафары уацау "...кæм уыдтæ?" 15. Цæмæй хъусын кæнынц ахуыры кæрон. 16. Азымджын. 18. Æмтъеры. 19. Къостайы æмдзæвгæ. 27. Цыбыр топп. 28. Рагон дæргъбарæн. 30. Æнæмаст, сабыр. 34. Хæлафы хай. 35. Хæрзгыццыл. 36. Хус кæрдæг. 38. Дæргъбарæн иуæг. 39. Уæлæдарæс. 40. Ирон тасындзæджы хауæн.



## Дзуаппытæ 5 мартъийы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Тъæр. 3. Æрдæмад. 7. Сæдæ. 12. Рæтæнагъд. 13. Уасæг. 14. Афины. 15. Æхсæрдæс. 18. Рард. 20. Артуд. 23. Илци. 24. Стæр. 25. Адзал. 26. Æхсæвгæс. 30. Къæзæнæг. 34. Æндах. 35. Æдых. 36. Знæт. 37. Мызур. 38. Кæри. 39. Гæныстон. 44. Саргъ. 47. Лæгæт. 48. Æхсæрфарс. 49. Фæсм. 50. Лæгсырд. 51. Миха.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Тæрс. 2. Æртах. 4. Рыгъд. 5. Æвдасарм. 6. Акци. 8. Æхсæрдзæн. 9. Æлгъ. 10. Аннæ. 11. Куырдадз. 16. Сæйгæ. 17. Расыг. 19. Мигæнæн. 21. Тигъ. 22. Алæгатæ. 27. "Сидзæргæс". 28. Вахмистр. 29. Æрдз. 31. Æрхуы. 32. Æрзæт. 33. Дæргъæвс. 40. Насер. 41. Сæрд. 42. Оваци. 43. Алæф. 45. Ротæ. 46. Еска.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**ПОШИВ матрацев и одеял, есть в наличии и на заказ; стирка и ческа шерсти. ТЕЛ.: 8-989-037-18-04.**

**ПРОДАЕМ чистый, просеянный чернозем в мешках. Доставка. ТЕЛ.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Ремонт холодильников и стиральных машин. ТЕЛ.: 8-963-377-80-00; 8-909-476-90-00.**

Номыры радгæс редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Салхъазанты Светланæ — 25-94-09, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3843.
Заказ № 246.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**